ISSN: 3060-4737 Volume 2, Issue 12 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

# QARAQALPAQ NAQÍL-MAQALLARÍNDA SANLÍQLARDÍŃ QOLLANÍLÍWÍ

***Allamuratova Madina*** *– QMU, folklortanıw hám dialektologiya qánigeligi 1-kurs magistrantı*

Xalıq dóretiwshiliginin bir túri naqıl-maqallar. Turmıs shınlıǵı tuwralı qısqa, bıraq ótkir hám obrazlı etip aytılatugın sózler. Naqıl-maqallar ómir tájiriybelerinen kelip shıǵıp aytıladı, keń oy pikirdi jıynaqlı etip beredi. Qaraqalpaq naqıl-maqalları óziniń ideyalıq mazmun jaǵınan turmistin barlıq tarawların óz ishine alatuǵın keń tematikaǵa iye. Bir sóz benen aytqanda áwladlar tájiriybesi, turmıs haqıyqatlıǵınan tuwǵan, uzaq oylardıń juwmaǵı, adam ómirinde bolip ótken álwan túrli waqıyalardı keleshek áwladqa jetkeriwshi. Naqıl-maqallar qısqa, ıqshamlı, uyqasqan sózler dizgini menen juwmaqlastırılgan oylar dúrkinin ańlatatuǵın, adamlardıń dúnyaǵa qatnasın bildiretuǵın, keleshekke aqıl-násiyat beretuǵın sózler naqıl dep ataladı.

Xalıqtıń mıyrasın asırap abaylaw hám onı keleshek áwladqa jetkeriw ullı waziypa. Mine usınday waziypanı bir neshe ilimpazlar óz moynına alıp, maqtanısh dep bilgen. Rus alımı N.A.Baskakov qaraqalpaqlar arasında bolıp bir neshe etnografiyalıq, dialektologiyalıq izertlewler júrgizedi hám 1951-jıl «Qaraqalpaq tili» degen miynetiniń birinshi tomın baspadan shıgaradı. Usı materiallar ishinde 700 den aslam naqıl-maqallar beriledi. Olar qaraqalpaq hám rus tillerinde berilgen. Al, jergilikli alım hám jazıwshılardan N.Dáwqaraev, A.Begimov, O.Kajurov, Q.Ayımbetov t.b. jetilisip shıǵıwı menen qaraqalpaq naqıl-maqalların jıynap, bastırıp shıǵarıwda óz úleslerin qostı. «Naqıl-maqallar kóbinese poetik formaǵa iye boladı. Sonlıqtan da olar mázi aytıla beretuǵın jay sózlerdey shubalanqı bolmaydı. Kópshilik sóz sheberleriniń eleginen ótip, shınlanıp barıp shıqqanlıqtan tili ótkir hám oǵada kórkem boladı» [1].

Biz bul maqalamızda naqıl-maqallar quramındaǵı ushrasatuǵın sanlıqlar haqqında sóz etpekshimiz. Naqıl-maqallardıń leksikalıq dúzilisine názer awdarsaq, olardıń quramında sanlıq sóz shaqapları jiyi qollanılıwın kórıwımızge boladı. Sanlıq basqa sóz shaqaplarına salıstırganda ózine tán bolgan bir qatar leksika- grammatikaliq ózgesheliklerge iye. Bul ózgeshelikler onıń óz aldına bólek, ayrıqsha sóz shaqabı ekenligin kórsetedi. Sonlıqtan da tyurkologiyalıq ádebiyatlarda ol atawısh sóz shaqaplarınıń biri sıpatında kórsetilip kiyatır [2].

Sanlıq attıń sanın, shamasın, qatar tartibin, bólsheklerin bildiretuǵın sózler. Sanlıqlar neshe? neshinshi? neshew? qansha? qanshadan? sorawlarǵa juwap beredi. Sanlıqlar qurılısına qaray jay hám qospa sanlıqlar bolıp bólınedı. Olar naqıl-maqallar quramında da qollaniladı. Máselen: Atadan **altaw** tuwsa da, Watanıńa jalǵızsań [3;13];

ISSN: 3060-4737 Volume 2, Issue 12 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

Atadan **altaw** tuwǵanniń, Atqan oǵı joǵalmas, Atadan jalǵız tuwǵannıń, Atqan otı tabılmas [3;13]; Aǵadan **altaw** tuwǵansha, Eneden **ekew** bol! [3;13]. Berılgen naqıl-maqallarda **altaw**, **ekew** sıyaqlı jıynaqlaw sanlıqları berilgen. Kuyew **júz** jıllıq, Quda **mıń** jıllıq [3;20]; **Bir** uydi **jeti** erkek toltırmas, **Bir** xayal toltırar [3;20]; **Altı** arıstıń arı bir, Atası basqaǵa báribir [3;30]; Kópshilik **bir** bawırsaqtan berse- toydırar, **Bir** tayaqtan ursa- óltirer [3;37].

Bul mısallarda **júz**, **mıń**, **bir**, **jeti** ,**altı** siyaqli qatarlıq sanliqlar qatnasqan. Sonday-aq naqıl- maqallar quramında tek ǵana jay sanlıqlar emes qospa sanlıqlar da qollanıladı máselen: Jigit **on beste** otaw iyesi, **Jigirma beste** jurt iyesi [3;38]; Berilgen naqıl-maqaldaǵı **on beste**, **jigirma beste** sanlıqları qurılısına qaray qospa sanlıqlarǵa kiredi.

Usı sıyaqlı quramında sanliq qatnasqan naqıl-maqallarımız folklorımızda kóplep ushırasadı. Olardıń qollanılıw órisi sheksiz. Sanlıqlar turli mánidegi naqıl-maqallar quramında ataǵa baylanıslı, tuwǵan jerge, tuwısqanlıqqa, batırlıqqa baylanıslı naqıl-maqallar quramında qollanılǵan. Juwmaqlap aytqanda qaraqalpaq folklorı uzaq hám bay ótmish, tariyxqa iye.Naqıl-maqallar xalıqtıń múlki. Al, olardıń quramında qatnasqan sanlıqlar naqıl-maqallardıń mánisin ele de bayıtıp, kórkemligin asırıwshı qural retinde qollanıladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar.**


1. Каракалпах фольклоры. Коп томлык. IV том. Каракалпак накал-макаллары, Нокис, Каракалпакстан, 1978ж
2. Каракалпак тилиндеги санликлар. А.Бегимов Каракалпакстан баспасы Нокис-1976
3. Каракалпак фолклоры. Коп томлык. 88-100-томлар. Нокис илим 2015
4. Qaraqalpaq folklorı. Q.Jarimbetov. J.Nizamatdinov. I.Allambergenova. Sano-standart baspası. Tashkent-2018